



APLIKASYON NAN ACCESS FLORIDA

Anvan Ou Kòmanse

Ou pare kounye a pou kòmanse aplikasyon ou. Men kèk enfòmasyon ki enpòtan pou lè w ap aplike ak sa pou espere.

Fason pou Aplike pou Avantaj yo

Ou ka aplike pou resevwa èd. Pou fè sa, ou fèt pou ban nou non ou, adrès ou, ak aplikasyon ou siyen an. Nou ankouraje ou pou reponn tout kantite kesyon ou kapab, epitou pou siyen aplikasyon ou jodi a. Sa ap pèmèt nou ba ou èd la pi vit. Si ou bezwen èd pou ranpli aplikasyon sa a oswa si ou bezwen sèvis entèprèt, ka gen Patnè Kominote (Community Partners) nan zòn ou ki kapab ede ou. Ale sou sitwèb nou nan www.myflorida.com/accessflorida oswa kontakte Sant Apèl Kliyan (Customer Call Center) nou nan nimewo 1-866-762-2237 pou jwenn plis enfòmasyon. Ou ka aplike sou Entènèt nan sitwèb www.myflorida.com/accessflorida.

Fason nou Travay sou Aplikasyon Ou

N ap kòmanse travay sou aplikasyon ou nan dat nou resevwa aplikasyon ou ki gen siyati ou. Sa ka pran 7 a 30 jou pou nou travay sou aplikasyon ou pou èd manje. Kay ki voye aplikasyon yo vit ka resevwa benefis asistans manje nan sèt (7) jou. Repons ou bay sou fòm aplikasyon an ap detèmine si kay ou satisfè kritè pou asistans manje ekspeditif. Kay k ap resevwa avantaj rapid yo dwe gen: 1. Revni pa mwa yo anvan dediksyon pi piti pase \$150 dola ak byen likid yo pi piti pase \$150 dola, 2. Revni pa mwa anvan dediksyon plis byen likid pi piti pase pri lwaye oswa prè ipotèk kay la plis pri sèvis piblik, oswa 3. Se yon migran endijan oswa yon travayè agrikòl sezonye ki gen byen likid ki pi piti pase \$100 dola. Aplikasyon pou Èd Medikal ak Èd Lajan Kach Pwovizwa ka pran 30 a 45 jou, epi aplikasyon pou Èd Medikal ka pran plis tan si nou bezwen detèmine si yon moun andikape. Ou ka tcheke sityasyon aplikasyon ou depi ou ale sou sitwèb ACCESS Florida nou nan <http://www.myflorida.com/accessflorida> epi klike sou lyen "My ACCESS Account".

Oumenm oswa yon moun k ap pran desizyon pou ka soumèt yon Aplikasyon pou jwenn Èd nan nenpòt biwo Sèvis Endepandans Ekonomik (Economic Self-Sufficiency Services) Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families) nan Eta Florida, fas-a-fas, pa lapòs, nan faks, oswa sou fòm elektwonik sou entènèt. Lè nou resevwa yon aplikasyon nan lè biwo louvri n ap konsidere li kòm yon aplikasyon nou resevwa menm jou a. Lè nou resevwa yon aplikasyon apre lè biwo fèmen, n ap konsidere li kòm yon aplikasyon nou resevwa nan premye jou ouvrab ki vini apre jou nou resevwa li a. Avantaj èd manje kòmanse apati dat aplikasyon an si moun ki aplike satisfè tout kondisyon yo pou li kalifye, si li fè entèvyou a, epi si li bay tout enfòmasyon ki nesè sou kalifikasyon an anvan 30yèm jou ki vini apre dat aplikasyon an. Kay la gen dwa pou ranpli yon fòm aplikasyon nan menm jou li kontakte DCF, nan yon biwo, pa telefòn, pa faks, fas-a-fas, oswa sou fòm elektwonik. Moun ki aplike yo pa gen pou fè entèvyou anvan yo ranpli aplikasyon an. Si w ap resevwa èd manje sa p ap afekte limit tan nan lòt pwogram. Pou yon moun ki aplike pou èd manje ak SSI nan menm lè a, dat li fè aplikasyon an se dat li soti nan enstitisyon an oswa vrè dat li resevwa li si li te ranpli aplikasyon an apre egzeyat la. Rasanbleman enfòmasyon yo sou aplikasyon an, tankou SSN chak moun nan kay la, otorize anba lwa 2008 sou Manje ak Nitrisyon, selon amannman, 7 U.S.C. 2011-2036. Y ap itilize enfòmasyon yo pou detèmine si kay ou kalifye, oswa pou yo detèmine si kay ou kontinye kalifye pou patisipe nan èd manje. N ap verifye enfòmasyon sa yo nan pwogram verifikasyon nan òdinatè. Enfòmasyon sa yo ap sèvi tou pou kontwole si ou konfòme ou avèk règleman pwogram nan, epitou pou kontwole pwogram nan. Kay la pa kapab jwenn refi pou avantaj èd manje sèlman akòz refi li jwenn pou avantaj nan lòt pwogram yo.

Chèf Kay la

Kay la ka chwazi yon adilt paran timoun (ki gen nenpòt laj) k ap viv nan kay la, oswa yon adilt ki gen kontwòl paran sou timoun yo (ki poko gen laj 18 tan) k ap viv nan kay la, kòm chèf kay la depi tout adilt k ap viv nan kay la dakò pou moun yo chwazi a. Kay yo ka chwazi chèf kay la nan aplikasyon an, nan chak revizyon, oswa lè gen yon chanjman nan konpozisyon kay la. Si tout moun ki adilt nan kay la pa dakò pou chwa a, oswa si yo refize chwazi yon paran adilt kòm chèf kay la, ajans leta ka chwazi chèf kay la oswa yo ka kite kay la fè yon lòt chwa. Si kay la pa gen adilt paran ak timoun oswa adilt lan ki gen kontwòl paran timoun k ap viv nan kay la, ajans eta a dwe chwazi chèf kay la oswa yo dwe bay pèmisyon pou kay la fè sa.

Nimewo Sekirite Sosyal

Nou ka konsidere moun k ap viv lakay ou ki pa kalifye, oswa ki pa aplike pou avantaj yo kòm moun ki pa aplike. Moun ki pa aplike yo oswa moun k ap aplike sèlman pou Èd Medikal pou ljan pou Moun ki se Etranje, Èd Lajan Kach pou Refijye, oswa Èd Medikal pou Refijye, PA bezwen bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN). Si ou pa t kalifye pou yon SSN akòz sityasyon imigrasyon ou, ou ka kalifye pou yon SSN ki pa pou travay. Si ou bezwen yon SSN, nou ka ede ou aplike pou youn. Moun ki pa aplike yo PA bezwen gen dokiman ki pwouve sityasyon imigrasyon yo. N ap verifye kondisyon imigrasyon nan Sèvis Sitwayèn ak Imigrasyon Etazini [U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS)] pou moun ki pa sitwayen ameriken epi ki aplike pou avantaj yo. Nou p ap fè USCIS konnen anyen sou sityasyon imigrasyon moun lakay ou ki pa aplike pou avantaj yo.

Enfòmasyon Enpòtan pou Imigran yo

Si ou aplike pou avantaj Èd Manje [Food Assistance (SNAP)] oswa pou Èd Medikal (Medical Assistance) sa p ap afekte sityasyon imigrasyon ou oswa sityasyon imigrasyon fanmi ou oswa posiblite pou vin yon rezidan pèmanan (grinkat). Si lè w ap resevwa Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan (Temporary Cash Assistance) oswa swen alontèm nan yon enstitisyon, tankou avantaj nan kay retrèt, sa ta ka kreye pwoblèm pou jwenn kondisyon an, sitou si avantaj yo se sèl revni fanmi ou.

Fwod nan Èd Piblik / Avi pou Sanksyon

Si yo jwenn ou koupab (nan yon tribinal leta oswa yon tribinal federal, oswa nan yon odyans administratif pou diskalifikasyon oswa poutèt ou siyen yon renonsyasyon odyans) poutèt ou fè espere pou bay fo deklarasyon oswa pou bay manti nan deklarasyon an, ou sere enfòmasyon yo oswa ou kenbe enfòmasyon yo pou ou ka resevwa èd manje oswa ou fè nenpòt zak ki vyole Lwa 2008 sou Manje ak Nitrisyon (Food Stamp and Nutrition Act 2008), règleman èd manje oswa nenpòt lwa leta pou ou ka itilize, prezante, transfere, jwenn, resevwa oswa posede avantaj èd manje, ou p ap kalifye ankò. Ou p ap kalifye pou avantaj èd manje oswa TCA pou 12 mwa pou premye vyolasyon an, 24 mwa pou dezyèm vyolasyon an epi ou p ap janm kalifye ankò pou twazyèm vyolasyon an. Si yo jwenn ou koupab nan fè trafik avantaj èd manje ki vo \$500 dola oswa plis, ou p ap janm kalifye ankò. Trafik èd manje gen ladan:

1. Achte, vann, vòlè, oswa boukante avantaj yo pou lajan kach;
2. Boukantay zam pou tire, minisyon, eksploziv oswa dwòg ilegal pou avantaj yo;
3. Achte soda, dlo oswa lòt atik nan yon resipyan pou resevwa depo lajan kach;
4. Achte yon atik avèk èd manje a epi vann li atik la pou lajan kach; epi
5. Boukante lajan pou atik ou peye avèk avantaj èd manje.

Si yo jwenn ou koupab pou zak sa yo, selon gravite a, yo ka fè ou peye amann ki ka \$250,000; ou ka ale nan prizon pou 20 tan, oswa ou ka peye amann lan epi ale nan prizon tou. Yo ka pouswiv ou nan lajistis anba lwa federal ak lwa Leta ki anvigè. Ou ka jwenn entèdiksyon pou resevwa èd manje pou yon lòt 18 mwa si tribinal egzijè sa. Si yo jwenn ou koupab nan yon tribinal leta oswa yon tribinal federal nan bay fo idantite oswa lòt adrès pou ou ka resevwa èd manje oswa TCA nan plis pase yon eta anmenmtan, ou p ap kalifye pou patisipe nan Pwogram Èd Manje pou yon peryòd 10 zan.

Si ou sove pou evite pouswit lajistis, gadavi, oswa anprizonman, apre lajistis kondane ou pou yon krim oswa pou tantativ pou fè yon krim, ki se yon krim tou, oswa si ou vyole pwobasyon oswa libète sou kondisyon lajistis enpoze ou anba lwa federal oswa lwa leta, ou p ap kalifye pou èd manje ak Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan (Temporary Cash Assistance). Nou ka divilge enfòmasyon sa yo ba lòt ajans federal ak ajans leta pou egzaminasyon ofisyèl, epi ba ofisyèl lapolis pou yo arete moun ki sove pou evite lalwa.

Si lajistis jwenn ou koupab nan yon krim trafik dwòg apre 22 out 1996, oswa si lajistis jwenn ou koupab nan yon tribinal federal, yon tribinal leta oswa yon tribinal lokal poutèt w ap vann zam pou tire, minisyon oswa eksploziv pou èd manje, ou p ap kalifye pou èd manje. Si lajistis kondane ou poutèt ou itilize oswa resevwa avantaj èd manje nan yon tranzaksyon ki konsène lavant yon sibstans kontwòl, ou p ap kalifye pou 24 mwa pou premye vyolasyon an epi ou p ap janm kalifye ankò pou dezyèm vyolasyon an. Kay yo pa dwe itilize avantaj èd manje a pou achte atik ki pa manje, pou peye kont kredi, pou peye pou manje yo achte sou yon kont kredi, pou itilize oswa posede kat Transfè Elektwonik Avantaj [Electronic Benefits Transfer (EBT)] lòt moun, pou pèmèt lòt moun ki pa nan kay la itilize kat EBT kay la san otorizasyon, pou vann oswa boukante kat EBT, oswa pou itilize kat EBT yon lòt moun. Si gen yon reklamasyon èd manje ki fèt kont kay ou, nou ka voye enfòmasyon sou aplikasyon sa a, ansanm avèk tout SSN yo, nan ajans federal ak ajans Eta yo, epitou nou ka voye enfòmasyon yo ba ajans rekouvremant, pou yo pran mezi rekouvremant reklamasyon yo.

Sistèm Verifikasyon Revni ak Kalifikasyon [Income and Eligibility Verification System (IEVS)]

N ap mande enfòmasyon nan konparezon nan òdinatè nan IEVS, epitou nou ka verifye enfòmasyon yo si nou jwenn diferans ki baze sou repons ou te bay nan aplikasyon ou. Nou ka itilize enfòmasyon nou jwenn nan IEVS pou afekte kalifikasyon ou ak nivo avantaj ou.

Egzijans pou Rapòte Chanjman

Pou tout pwogram yo, nou ankouraje kay yo pou yo rapòte nenpòt chanjman nan nivodvi kay la ak/oswa nan adrès postal yo. Pou pwogram yo sof pou Èd Manje [Food Assistance (SNAP)], kay yo dwe rapòte chanjman sou moun k ap viv nan kay la, sou travay yo epi sou revni yo. Kay k ap resevwa Èd Manje [Food Assistance (SNAP)] dwe rapòte lè revni total kay la pa mwa anvan dediksyon depase 130% nivo povrete federal pou kantite moun ki nan kay la ak lè kantite èdtan travay adilt kosto tonbe anba 20 èdtan pa semèn lè se mwayèn pa mwa, anvan 10yèm jou mwa a apre mwa chanjman an. Kay k ap resevwa Medicaid oswa Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan (Temporary Cash Assistance) dwe rapòte chanjman yo anvan 10 jou.

Fason pou Mande yon Odyans san Patipri

Ou gen dwa tou pou mande pou gen yon odyans devan yon ofisyè odyans leta. Nan odyans lan ou ka vini avèk yon avoka, yon manm fanmi ou, yon zanmi ou oswa nenpòt moun ou vle, oswa moun sa yo kapab reprezante ou nan odyans lan. Si ou vle pou gen yon odyans, ou dwe mande pou odyans lan alekri, depi ou rele Sant Apèl Kliyan (Customer Call Center), oswa depi ou vini nan biwo a nan 90 jou ki vini apre dat ou resevwa avi ou sou dosye ou. Si ou mande pou gen yon odyans nan fen dènye jou mwa a anvan dat aksyon negatif la anvigè, avantaj ou yo ka kontinye nan nivo anvan an jouk lè yo pran yon desizyon sou odyans lan. W ap responsab pou ranbouse nenpòt avantaj ou te kontinye ap resevwa, si desizyon yo pran nan odyans lan pa anfavè ou. Si ou bezwen enfòmasyon sou fason pou jwenn konsèy legal gratis, ou kapab rele Sant Apèl Kliyan (Customer Call Center) gratis nan nimewo 1-866-762-2237 pou jwenn yon lis ajans legal gratis ki nan zòn ou.

Aplikasyon pou Èd Medikal (Medical Assistance)

Itilize aplikasyon sa a pou wè pou ki chwa pwoteksyon ou kalifye tankou asirans gratis oswa asirans bon mache nan Medicaid oswa Children's Health Insurance Program (CHIP), plan asirans sante prive bon mache ki ofri pwoteksyon jeneral pou ede ou rete an sante, ak yon nouvo kredi nan taks ki kapab ede ou peye prim asirans ou pou pwoteksyon sante ou imedyatman. Pou ranpli aplikasyon ou, ou ka bezwen nimewo sekirite sosyal yo, nimewo dokiman pou imigran ki legal yo, enfòmasyon sou patwon ak enfòmasyon sou revni pou tout moun ki nan nimewo kontra fanmi ou po asirans sante ki pwoteje ou nan moman an ak enfòmasyon sou asirans sante ki gen pou wè ak travay ou. Tanpri voye kopi yo, pa orijinal yo.

Sa K ap Pase Apre

Soumèt aplikasyon ou siyen an nan nenpòt biwo Sèvis Endepandans Ekonomik (Economic Self-Sufficiency Services) Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families) oswa voye li pa lapòs nan adrès ACCESS Central Mail Center, P.O. Box 1770, Ocala, FL 34478-1770. Ou ka fakte aplikasyon ou nan yon Sant Sèvis Kliyantèl (Customer Service Center) ki nan zòn ou. Jwenn yon nimewo faks lokal sou sitwèb <http://www.myflfamilies.com/service-programs/access-florida-food-medical-assistance-cash/locate-service-center-your-area>.



APLIKASYON NAN ACCESS FLORIDA

Mwen ta renmen aplike pou: Èd Manje Lajan Kach Moun ki Pou Pran Swen Manm Fanmi Medikal Ospis OSS/ Optional State Supplementation Medicaid Waiver/Sèvis ki Baze nan Kay ak Kominote Swen nan Kay Retrèt – Adrès pou viv anvan mwen nan antre na Kay Retrèt:

ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

Non: (Chèf Kay la – gade seksyon "Anvan ou kòmanse")

Prenon

Dezyèm Prenon

Non Fanmi

Adrès Kay: (Kite espas la vin si ou pa gen yon adrès.)

Ri

Nimewo Apatman

Vil

Eta

Kòd Postal

Kontè

Adrès kote ou resevwa kourye lapòs: (si li pa menm avèk kote w ap viv la)

Ri/Bwat Postal

Vil

Eta

Kòd Postal

Nimewo Telefòn nan Kay oswa Nimewo pou resevwa Mesaj:

Nimewo Telefòn Travay:

Nimewo Telefòn Selilè:

Adrès Imèl:

Èske ou vle jwenn enfòmasyon sou aplikasyon sa a nan imèl? WI NON

Èske ou gen yon rezon ki fè li difisil pou ou vini nan biwo a pou fè yon entèvyou?

Maladi Sèvis Transpò Travay oswa Fòmasyon Ap Viv nan yon Zòn Riral Ap Pran Swen yon Moun Andikape ki nan Kay la Lòt (eksplike): _____

Ki lang ou pito pale oswa ekri (si se pa Anglè)? _____

PWOTOKÒL ANTANT

Mwen rekonèt DCF ak lòt ajans federal ak lòt ajans leta, tankou Divizyon Fwod nan Èd Piblik [Division of Public Assistance Fraud (DPAF)] ka verifye enfòmasyon mwen bay nan fòm aplikasyon sa a, nan entèvyou a oswa lè mwen mande lòt avantaj yo, tankou konparezon enfòmasyon nan òdinatè avèk lòt ajans. Mwen rekonèt epi mwen aksepte sa ki endike anba la a: DCF, DPAF, ak Ajans Federal otorize ka verifye enfòmasyon mwen bay nan fòm sa a, nan entèvyou a, oswa lè mwen mande lòt avantaj. Yo ka jwenn enfòmasyon yo nan ansyen kote mwen t ap travay epi kote m ap travay kounye a. Siyati mwen bay otorizasyon pou yo divilge enfòmasyon yo ba DCF ak/oswa ba PAF. Kòm yon kondisyon pou mwen patisipe nan Medicaid, mwen dakò pou Medicaid revize ak divilge tout dosye medikal mwen yo kwè ki nesèsè anba pouvwa li genyen pou fè odit ak ankèt. Si gen nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk, yo ka diminye oswa refize avantaj yo epi yo ka pouswiv mwen lajistis oswa yo ka diskalifye mwen nan pwogram nan poutèt mwen bay enfòmasyon ki pa kòrèk, oswa enfòmasyon ki fo, oswa poutèt mwen fè espere pou kache enfòmasyon yo. Mwen li Dwa ak Responsablite mwen yo. Anba menas sanksyon pou fo temwayaj, mwen deklare enfòmasyon ki nan fòm sa a se enfòmasyon ki kòrèk dapre tout sa mwen konnen, tankou si moun ki aplike pou avantaj yo se sitwayen ameriken oswa si yo pa sitwayen ameriken. Mwen rekonèt mwen resevwa Florida DCF CFOP 60-17, Chapit 1, Dokiman Sipleman 3, Notice of Privacy Practices.

SIYATI YO

Siyati Adilt ki nan Kay la / Dat Siyati a

Siyati Temwen si Moun nan siyen avèk yon "X"

Reprezantan Otorize/Deziyen – Tanpri ekri an lèt detache

Non

Adrès

Telefòn

Siyati Reprezantan Otorize/Deziyen

SEKSYON SA A SE POU BIWO A ITILIZE SÈLMAN

Non Patipan/Nimewo Telefòn Sant Aksè Kominote a:

Tenm ki Mete Dat:

ÈD MANJE RAPID: Kay ki kalifye yo ka resevwa avantaj yo nan 7 jou.

Èske revni anvan dediksyon moun lakay ou pi piti pase \$150 dola?
 WI **NON**

Èske ou peye pou chofe oswa pou refwadi kay ou? **WI** **NON**

Èske likidite total ou (tankou lajan kach, kont labank, elatriye) pi piti pase \$100 dola? **WI** **NON**

Ki kantite lajan ou peye pa mwa pou lwaye ou oswa pou prè ipotekè ou? \$

Èske revni pa mwa moun lakay ou anvan dediksyon plis likidite total ou pi piti pase kantite lajan ou peye pa mwa pou lwaye ou oswa pou prè ipotekè ou plis kantite lajan ou peye pou sèvis piblik yo? **WI** **NON**

Èske revni tout moun lakay te sispann pa twò lontan? **WI** **NON**
Si ou reponn wi, KILÈ?

Tcheke bòdwo ou peye yo: Elekrisite Gaz Dlo
 Dlo lze Telefòn

Èske gen moun lakay ou ki se yon travayè sezonnye oswa yon travayè agrikòl sezonnye? **WI** **NON**
Si ou reponn wi, KIMOUN?

ENFÒMASYON SOU MOUN LAKAY OU: Si bezwen plis espas nan seksyon sa yo, tanpri itilize paj siplemantè. Tanpri bay tout kantite enfòmasyon ou kapab pou ede nou detèmine si ou kalifye san pèdi tan.

Nan Seksyon A ak B, endike tèt ou ak tout moun k ap viv lakay ou menmsi ou p ap aplike pou yo. Si ou p ap aplike pou yon moun lakay ou, ou pa ba bezwen ban nou SSN li oswa sityasyon sitwayèn te li. Mete madanm/mari ou, pitit ou yo ki poko gen laj 21 ane k ap viv avèk ou, nenpòt moun ou mete nan fòm deklarasyon taks sou revni ou, menmsi yo p ap viv avèk ou, ak nenpòt lòt moun ki poko gen laj 21 ane w ap pran swen epitou k ap viv avèk ou. Si w ap viv nan kay retrèt oswa nan lòt lojman leta, fè lis ki gen non ou, madanm oswa mari ou ak depandan ou yo.

GWOUPE ETNIK (Enfòmasyon Ou Bay Si Ou Vle/Pa Obligatwa): **A** = Ispanik oswa Latino-Ameriken oswa, **B** = Moun ki pa ni Ispanik ni Latino Ameriken

RAS (Enfòmasyon ou bay si ou vle/ki pa Obligatwa): Ou ka chwazi youn oswa plis nimewo: **1** – Ameriken Natifnatal oswa Natifnatal Alaska; **2** – Azyatik oswa Moun ki Fèt nan Zile Pasifik; **3** – Moun Nwa oswa Ameriken Nwa, Pa Orijin Ispanik; **4** – Moun Blan, Pa Orijin Ispanik; **5** – Azyatik Sidès; **6** – Lòt; **7** – Pa Konnen. Sa p ap afekte kalifikasyon ou oswa nivo avantaj ou yo. Rezon ki fè nou mande enfòmasyon sa yo se pou asire nou distribye avantaj pwogram nan san nou pa konsidere ras, koulè, oswa peyi kote ou soti.

SEKSYON A – Bay Non Tout Adilt k ap Viv nan Adrès Ou

Non Legal Adilt la: Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi	Èske ou Vle Aplike?	Sèks	Nimewo Sekirite Sosyal (gade enstriksyon anwo a)	Dat ak Kote Li Fèt*	Sitwayen Ameriken	Gwoup Etnik (gade anwo a)	Ras (gade anwo a)	Eta Sivil	Ale Lekòl/ Kantite Èdtan/Semèn/ Dènye Klas Li Fè*	Achte Manje epi Manje avèk Ou
1.	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> F <input type="checkbox"/> G			<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non USCIS #	<input type="checkbox"/> A <input type="checkbox"/> B	<input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 <input type="checkbox"/> 7		<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non Kantite èdtan pa semèn: Dènye Klas Li Fini:	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non
Sa moun nan ye pou ou	OUMENM									
2.	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> F <input type="checkbox"/> G			<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non USCIS #	<input type="checkbox"/> A <input type="checkbox"/> B	<input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 <input type="checkbox"/> 7		<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non Kantite èdtan pa semèn: Dènye Klas Li Fini:	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non
Sa moun nan ye pou ou										
3.	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> F <input type="checkbox"/> G			<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non USCIS #	<input type="checkbox"/> A <input type="checkbox"/> B	<input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 <input type="checkbox"/> 7		<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non Kantite èdtan pa semèn: Dènye Klas Li Fini:	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non
Sa moun nan ye pou ou										
4.	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> F <input type="checkbox"/> G			<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non USCIS #	<input type="checkbox"/> A <input type="checkbox"/> B	<input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 <input type="checkbox"/> 7		<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non Kantite èdtan pa semèn: Dènye Klas Li Fini:	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> Non
Sa moun nan ye pou ou										

SEKSYON B – Bay Non Tout Timoun k ap Viv nan Adrès Ou. Si gen moun ki ansent, endike “poko fèt” kòm non ak dat ki prevwa kòm dat pou akouchman an.

Non Legal Timoun nan Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi	Èske ou Vle Aplike?	Sèks	Nimewo Sekirite Sosyal (gade enstriksyon anwo a)	Dat ak Kote Li Fèt*	Sitwayen Ameriken	Gwoup Etnik (gade paj 2)	Ras (gade paj 2)	*Timoun ki poko gen Laj 5 Kan ki Vaksinen	Ale Lekòl/ Non Lekòl la	*Dat Pou Diplome	Achte Manje epi Manje avèk Ou
1.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> F <input type="checkbox"/> G			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non USCIS #	<input type="checkbox"/> A <input type="checkbox"/> B	<input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 <input type="checkbox"/> 7	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Non Lekòl la:		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Sa moun nan ye pou ou											
2.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> F <input type="checkbox"/> G			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non USCIS #	<input type="checkbox"/> A <input type="checkbox"/> B	<input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 <input type="checkbox"/> 7	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Non Lekòl la:		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Sa moun nan ye pou ou											
3.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> F <input type="checkbox"/> G			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non USCIS #	<input type="checkbox"/> A <input type="checkbox"/> B	<input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 <input type="checkbox"/> 7	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Non Lekòl la:		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Sa moun nan ye pou ou											
4.	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> F <input type="checkbox"/> G			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non USCIS #	<input type="checkbox"/> A <input type="checkbox"/> B	<input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 <input type="checkbox"/> 7	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Non Lekòl la:		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Sa moun nan ye pou ou											

SEKSYON C – ENFÒMASYON SOU PARAN ABSAN: Bay enfòmasyon sa yo pou chak timoun nan Seksyon B ki gen manman ak/oswa papa ki pa nan kay la.

	Non, Adrès, Nimewo Telefòn	Dat Li Fèt	Nimewo Sekirite Sosyal	Ras (gade paj 2)	Rezon pou Absans lan	Paran Legal Timoun nan?
Timoun 1	Manman					<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
	Papa					<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
Timoun 2	Manman					<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
	Papa					<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
Timoun 3	Manman					<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
	Papa					<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
Timoun 4	Manman					<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
	Papa					<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON

SEKSYON D – ENFOMASYON JENERAL: Reponn kesyon ki anba la yo konsènan moun ki nan lis nan Seksyon A ak B ki aplike pou èd la.

Èske gen moun lakay ou ki sove pou lalwa paske li fè yon krim oswa paske li vyole pwobasyon oswa libète sou kondisyon li?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske gen moun lakay ou ki te vann oswa ki te fè kado nenpòt byen oswa likidite nan 3 dènye ane yo (objektif èd manje) oswa nan 5 dènye ane yo (Medicaid)?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske gen moun lakay ou lajistis te kondane pou yon krim trafik dwòg tankou moun nan te dakò, fè kominyezon oswa asosye avèk yon lòt moun pou fè zak ki te fèt la apre 22 out 1996?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske yon moun lakay ou te kite yon djòb nan dènye 60 jou yo oswa èske gen moun lakay ou k ap fè grèv?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske gen moun lakay ou lajistis te kondane nan dat 22 out 1996 oswa apre dat sa a poutèt moun nan te resevwa èd lajan kach pou yon ti tan oswa Medicaid nan plis pase yon eta anmenmtan?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Nan dènye 30 jou yo, èske gen moun lakay ou ki te resevwa èd manje, èd lajan kach oswa èd medikal nan yon lòt eta oswa nan yon lòt sous?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske tout moun nan kay la abite nan Florida? **WI** **NON** **Si ou reponn non, pou ki pa?**

Èske gen nan kay la ki ansent? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Dat ki Prewwa pou Akouchman:

Kantite Tibebe ki Prewwa:

*Èske gen moun nan kay la ki patisipe nan yon reyinyon nan lekòl pou nenpòt nan timoun ki gen ant laj 6 zan ak 18 tan?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Kilè?

Èske gen moun nan lakay ou ki pa sitwayen ameriken epi ki resevwa sipò? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske gen moun k ap viv yon kote ki espesyal tankou yonabri pou moun ki pa gen kay pou yo rete, sant pou tretman pou moun ki pran dwòg, kay retrèt, sant pou moun viv avèk asistans, kay swen sante pou fanmi adilt, sant tretman sante mantal nan kay, oswa lòt enstitisyon?

WI **NON**

Si ou reponn wi, kimoun?

Non ak Kalite Sant lan:

Èske gen moun nan kay la ki se yon timoun adoptif? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske gen moun nan kay la ki te nan kay plasman Florida nan laj 18 tan oswa plis? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

*Si ou aplike pou sèvis yo bay nan kay retrèt, èske ou gen yon timoun (nenpòt laj) k ap viv lakay ou epi ki avèg oswa andikape?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Kisa timoun sa a ye pou ou?

Èske Sekirite Sosyal oswa Eta Florida te detèmine yon moun nan kay la andikape? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

*Èske yon moun nan kay la te jwenn refi nan Revni Sekirite Siplèmantè [Supplemental Security Income (SSI)] nan dènye 90 jou yo?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Kilè?

*Èske gen moun nan kay la ki bezwen èd pou peye prim Medicare oswa bòdwo medikal li nan twa (3) dènye mwa yo?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

*Èske yon moun ki te jwenn refi pou andikap gen yon nouvo pwoblèm medikal epi Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) pa konsidere pwoblèm medikal sa a? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske yon moun lakay ou viktim nan trafik moun? (Viktim trafik moun se moun yo pran, kenbe, oswa deplase avèk lafòs oswa fwod pou eksplwatasyon seksyèl oswa travay fòse.) **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske lajistis te kondane oumenm oswa nenpòt moun lakay pou boukantay avantaj èd manje pou dwòg, poutèt oumenm oswa moun nan te achte oswa vann avantaj èd manje pou plis pase \$500 dola, oswa poutèt oumenm oswa moun nan te boukante avantaj èd manje pou zam pou tire, minisyon oswa eksploziv? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

Èske yon moun lakay ou peye pou yon chanm (Lokatè) oswa pou yon chanm ak manje (Pansyonè)?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

*Èske yon moun nan kay la gen yon pwoblèm sante fizik, mantal oswa emosyonèl ki lakòz li limite nan aktivite li yo (tankou benyen, abiye, fè travay chak jou nan kay la, elatriye) oswa ap viv nan yon sant medikal oswa nan yon kay retrèt? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

*Èske gen timoun nan kay la ki gen limit oswa anpèchman nan nenpòt fason nan konpetans li pou fè bagay pifò timoun ki gen menm laj ak li ka fè?

WI **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

*Èske yon moun nan kay la bezwen terapi espesyal, tankou terapi fizik, ègoterapi oswa otofoni, oswa tretman oswa konsèy pou yon pwoblèm emosyonèl, yon pwoblèm devlopmanntal oswa yon pwoblèm konpòtmantal? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

*Èske gen timoun nan kay la ki bezwen oswa ki itilize plis sèvis swen medikal, sèvis sante mantal, oswa sèvis edikasyon pase sa ki nòmal pou pifò timoun ki gen menm laj ak li? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kimoun?**

SEKSYON E – BYEN: Reponn kesyon ki anba la yo konsènan moun ki nan lis nan Seksyon A ak B ki aplike pou èd la. Si ou bezwen plis espas nan seksyon sa yo, tanpri itilize paj siplemantè.

Èske gen moun ki aplike pou èd la epi ki posede tout oswa pou yon pati nenpòt byen li, tankou: ***veyikil**, kont labank, kont labank ki pa takse, Sètifika Depo [Certificates of Deposit (CD)], lajan kach, nòt ipotèk, biyè-a-òd, ***prè**, ***IRA**, ***401K**, obligasyon, ***anwite**, aksyon, byen imobilye, asirans-vi, twòs, ***plan Keogh**, ***kontra pou resevwa swen san rete nan kominote retrèt oswa kontra pou resevwa swen avi nan kominote**, kontra pou antèman/plas nan simityè, depans ki peye davans pou antèman, bon kès oswa sètifika, byen pou biznis, gwo kantite lajan li te resevwa nan dènye 3 mwa yo, ***asirans sante/asirans medikal alontèm/asirans-vi/asirans oto**, ***HMO**, sipleman Medicare oswa Medicare, elatriye? ***Mete byen/asirans paran timoun minè ki aplike si y ap viv nan kay la ak byen/asirans madanm/mari moun ki aplike yo si y ap viv nan kay la.** WI NON

Si ou reponn wi, bay lis la anba la a:

***ENFÒMASYON ENPÒTAN POU MOUN KI POSEDE YON ANWITE:** Dapre Lwa Piblik 109-171, moun (madanm/mari yo) si yon moun aplike pou Pwogram Swen Enstitisyonèl Medicaid (swen nan kay retrèt) Ospis, pwogram racha Sèvis ki Baze nan Kay ak Kominote, oswa Pwogram Swen Sante Konplè pou Granmoun Aje, oswa si moun nan ap resevwa pwogram sa yo, li dwe bay lis tout anwite li posede. Nou p ap konsidere sèten acha anwite (oswa lòt tranzaksyon) ki fèt nan dat 1ye novanm 2007 oswa apre dat sa a kòm transfè yon byen pou mwens pase valè li vo sou mache a sof si anwite a gen non Eta Florida, Ajans pou Administrasyon Swen Sante, kòm premye benefisyè ki rete (oswa dezyèm benefisyè ki rete madanm/mari oswa timoun minè oswa timoun andikape) pou tout kantite lajan Medicaid te peye sou non moun ki te nan Medicaid la.

*DCF dwe detèmine valè byen moun ki aplike pou Medicaid ak benefisyè ki gen laj (65 ane oswa plis), moun ki avèg oswa ki andikape. Moun ki aplike ak benefisyè yo dwe dakò pou kite DCF mande dosye finansye nan nenpòt bank, kont epay ak prè, koperativ, oswa lòt enstitisyon finansye depi yo ranpli Fòm CF-ES 2613 pou Divilgasyon Enfòmasyon Finansye.

Endividyèl	Kalite Byen oswa Asirans	Veyikil Ane, Mak, Modèl*	Kantite Lajan ou Dwe sou Veyikil/Pwopriyete	Pozisyon Byen/Asirans Non ak Adrès Bank/Konpayi Asirans	Nimewo Kont oswa Nimewo ID Asirans	Kantite Lajan oswa Valè

Èske nenpòt nan byen ki endike anwo a rezève pou fè depans antèman? WI NON **Si repons lan se wi, kilès? Ki kantite lajan?**

Èske gen moun nan kay la ki te fèmen kont labank oswa lòt envestisman, te mete non nenpòt moun sou tit yon byen, te fè kado byen oswa pwopriyete, oswa te likide byen ki vo plis pase \$3,000 dola pou achte yon lòt byen oswa sèvis nan dènye 3 mwa yo (èd manje) oswa nan dènye 5 kan yo (Medicaid)? WI NON

Si ou reponn wi, kimoun?

Kisa? Kilè? Ki Valè?

Èske gen nenpòt byen ou posede ansanm avèk yon moun ki p ap viv avèk ou? WI NON

Si ou reponn wi, kimoun?

Kisa? Kilè? Ki Valè?

OU KA APLIKE POU VOTE NAN SEKSYON SA A

Si ou pa enskri pou vote kote w ap viv kounye a, èske ou ta renmen enskri pou vote isit la jodi? Koche kaz WI si ou ta renmen aplike pou enskri pou vote oswa pou modifiye enfòmasyon sou enskripsyon elektè ou. Si ou koche kaz NON oswa ou pa koche okenn kaz, n ap konsidere ou deside ou pa aplike pou enskri pou vote oswa pou modifiye enfòmasyon sou enskripsyon elektè ou. Si ou koche kaz WI, NON oswa si ou pa reponn kesyon sa a ditou, sa p ap afekte posiblite pou resevwa avantaj yo. WI NON

AVI POU DWA

Èd: Si ou ta renmen jwenn èd pou ranpli aplikasyon ou pou enskri pou vote, n ap ede ou. Se oumenm ki pou deside si w ap chèche oswa aksepte èd la. Ou ka ranpli aplikasyon an pou enskri pou vote an prive.

Avantaj: Si ou aplike pou èd piblik nan ajans sa a, si ou aplike pou enskri pou vote oswa si ou refize enskri pou vote, sa p ap afekte kantite èd ajans sa a ap ba ou.

Enfòmasyon Prive: Desizyon ou pran pou pa enskri pou vote oswa pou pa modifiye dosye ou ak ajans kote ou te aplike pou enskri a oswa pou modifiye dosye enskripsyon elektè ou se yon desizyon ki konfidansyèl pou rezon enskripsyon elektè sèlman.

Plent Fòmèl: Si ou kwè yon moun te vyole swa dwa ou pou aplike pou enskri pou vote oswa dwa ou pou refize enskri pou vote, dwa ou pou enfòmasyon prive lè ou t ap deside si pou aplike pou enskri pou vote, oswa dwa ou pou chwazi pati politik ou vle a oswa lòt preferans politik, ou kapab fè plent nan adrès: Florida Secretary of State, Division of Elections, NVRA Administrator, R.A. Gray Building, 500 S. Bronough Street, Tallahassee, Florida 32399-0250. Fòm pou fè plent lan disponib sou sitwèb <http://election.dos.state.fl.us/nvra/index.shtml> oswa rele nimewo 1-850-245-6200. Pou plent ki pa gen pou wè ak enskripsyon elektè, gade **"DEKLARASYON USDA-HHS KONT DISKRIMINASYON"** nan paj 9 la.

[Otorizasyon: Lwa Nasyonal konsènan Enskripsyon Elektè (National Voter Registration Act) (42 U.S.C. 1973 gg); ss. 97.023, 97.058 ak 97.0585, F.S.]

SEKSYON F – REVNI: Reponn kesyon ki anba la yo konsènan moun ki nan lis nan Seksyon A ak B ki aplike pou èd la.

Èske gen moun nan kay la ou aplike pou li pou resevwa nenpòt kalite revni, tankou: salè, poubywa, travay endepandan, Retrèt Sekirite Sosyal/Chemennfè oswa Andikap, SSI, oswa lòt andikap, revni VA, pansyon, Sèvis Sivil, chomaj, pansyon alimentantè (sipò) timoun, pansyon alimentantè, dividann, revni enterè, salè, lajan ou resevwa nan men lòt moun, anwite, revni lwaye, konpansasyon travayè, revni byen/twòs, èd piblik, sibvansyon, bousdetid, prè etidyan, peman domaj-enterè, alokasyon pou fòmasyon, elatriye. (Metè lajan revni paran k ap viv nan kay la avèk timoun minè ki aplike yo ak lajan revni mari oswa madanm ak depandan moun ki aplike si y ap viv nan kay la.) **WI** **NON** **Si ou reponn wi, bay lis la anba la a:**

Endividyal	Kalite Revni	Non Travay oswa Sous Revni	Nimewo Telefòn Travay	Kantite Lajan Pa mwa Anvan Dediksyon	Kantite Fwa Ou Touche (pa semèn/chak de semèn/pa mwa)	Jou Peman nan Ki Jou nan Semèn nan	Kantite Èdtan Travay pa Semèn

Èske revni nenpòt moun kay la te sispann oswa te gen kantite èdtan travay li redui nan dènye 60 jou yo oswa ane pase? **WI** **NON**
Si ou reponn wi, kimoun? Kilè? Sous?

Èske gen moun lakay ou ki pral resevwa revni siplemantè nan sous ki te sispann nan? **WI** **NON** **Kantite lajan brit (anvan dediksyon moun nan te resevwa nan mwa sa a sèlman)? \$**
Si ou reponn wi, kimoun? Kilè?

Èske gen moun nan kay la ki gen yon aplikasyon annatant pou avantaj Sekirite Sosyal (Social Security) oswa Alokasyon Chomaj (Unemployment Compensation)? **WI** **NON**
Si ou reponn wi, kimoun? Ki Avantaj?

Èske gen depo ki te fèt nan Revni oswa nan Twòs Miller Type nan dènye 3 mwa yo? **WI** **NON** **Twòs Kimoun?**
Dat (yo) ak Kantite Lajan (yo) Depo (yo)?

Si ou se travayè endepandan, ki kalite travay ou fè? **WI** **NON** **Kantite lajan revni apre dediksyon pa mwa (pwofi apre ou peye depans biznis lan): \$**

*Èske ou planifye pou fè deklarasyon taks federal sou revni ou ANE PWOCHÈN? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, reponn kesyon ki anba la yo:**
 *Èske ou pral fè deklarasyon taks ou ansanm? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, kijan rele madanm/mari ou?**
 *Èske ou pral reklame nenpòt depandan sou fòm deklarasyon taks ou? **WI** **NON** **Si ou reponn wi, bay non depandan yo:**
 *Èske yon lòt moun pral reklame ou kòm yon depandan nan fòm deklarasyon taks li? **WI** **NON**
Si ou reponn wi, ki non moun ki pral fè deklarasyon taks sou revni li? Kisa ou ye pou moun ki pral fè deklarasyon taks sou revni li?

*Èske gen moun nan kay la ki endike sou aplikasyon ou yo ofri pwoteksyon sante nan yon djòb? **WI** **NON**
Si ou reponn wi, kimoun?

*Kimoun nou kapab kontakte konsènan pwoteksyon sante anplwaye nan djòb sa a?

*Èske ou kalifye nan moman an pou pwoteksyon asirans patwon sa a ofri, oswa èske w ap kalifye nan 3 mwa k ap vini yo? **WI** **NON**

*Èske patwon an ofri yon plan sante ki satisfè kritè valè minimòm nan? **WI** **NON** [Yon plan sante patwon an kotize ladan satisfè "kritè valè minimòm nan" si kotizasyon plan an nan total depans avantaj yo aksepte ki garanti nan plan an pa depase 60 pousan depans sa yo. Seksyon 36B(c)(2)(C)(ii) Kòd 1986 Internal Revenue Code.]

*Pou plan ki koute pi piti lajan epi ki satisfè kritè valè minimòm yo ofri anplwaye a (pa mete plan fanmi yo): Si patwon an gen pwogram sante fizik, si li bay prim asirans anplwaye a ta peye si li te resevwa rabè maksimòm pou nenpòt pwogram pou sispann finen epi si li pa t resevwa okenn lòt rabè ki baze sou pwogram sante fizik la. Konbyen lajan anplwaye a ta peye nan prim asirans lan pou plan sa a? \$
Konbyen fwa? Pa Semèn Chak De Semèn Pa Mwa Pa Trimès Chak Ane

*Ki chanjman patwon an ap fè pou nouvo ane plan an? **Patwon an p ap ofri pwoteksyon sante** **Patwon an pral kòmanse ofri pwoteksyon sante pou anplwaye yo oswa li pral chanje prim asirans lan pou plan mwen chè a ki disponib sèlman pou anplwaye ki satisfè kritè valè minimòm nan. Konbyen lajan anplwaye pral gen pou peye nan prim yo pou plan sa a? \$**
Konbyen fwa? Pa Semèn Chak De Semèn Pa Mwa Pa Trimès Chak Ane **Dat chanjman an?**

SEKSYON G – DEPANS: Reponn kesyon ki anba la yo konsènan moun ki nan lis nan Seksyon A ak B ki aplike pou èd la.

Èske gen moun nan kay la ou aplike pou li te gen obligasyon pou fè depans, tankou: lwaye, prè ipotèkè, taks sou pwopriyete, asirans pwopriyete kay, frè pou kondominyòm/antretyen, gaz, kouran elektrik, LIHEAP, bòdwo medikal tankou men pa sèlman: bòdwo medikaman sou preskripsyon, linèt, transpò, vizit nan klinik doktè, sèvis swen dan, èd medikal, ospitalizasyon, kay retrèt, oswa asirans oswa prim Medicare ki pa garanti nan asirans oswa nan yon lòt asirans endepandan, telefòn, gadri timoun oswa adilt, oswa sipò timoun dapre lòd tribinal pou yon timoun ki p ap viv lakay ou? Mete depans paran timoun minè moun ki aplike yo si y ap viv nan kay la ak depans mari oswa madanm moun ki aplike a fè si madanm/mari a ap viv nan kay la.

WI **NON** Si ou reponn wi, bay lis la anba la a:

Si ou pa rapòte ak/oswa verifiye depans ki endike yo n ap konsidere sa kòm yon deklarasyon moun nan kay la fè ki endike yo pa vle resevwa yon dediksyon pou depans yo pa rapòte yo.

Kalite Depans	Ki moun ki gen Obligasyon pou Fè Depans sa a	Si gen yon Depans Medikal, Kimoun ki te Resevwa Sèvis Medikal la?	Kantite Lajan chak Mwa	Moun ki resevwa Peman an	Dat Peman	Ou Toujou Dwe?	Pou Sipò Timoun Tribinal Egziye Sèlman, Non Timoun Yo Peye Sipò pou Li
						<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	
						<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	
						<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	
						<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	
						<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	

Kijan ou chofe oswa refwadi kay ou?

Èske gen nenpòt moun ki ede ou fè depans yo? **WI** **NON** Si ou reponn wi, kimoun?

Si ou peye pou sèten bagay ki kapab dedui nan yon fòm deklarasyon taks federal sou revni, si ou fè nou konnen yo sa kapab fè depans pou pwoteksyon sante ou bese enpe. Ou pa ta dwe mete yon depans ou te konsidere deja nan repons ou pou travay endepandan konplè. Koche kaz pou tout sa ki konsène ou, bay kantite lajan an, epi endike konbyen fwa ou peye li.

- Pansyon alimantè ou peye \$ Konbyen fwa?
- Enterè sou prè etidyan \$ Konbyen fwa?
- Lòt Dediksyon, Kalite a: Konbyen fwa?

SEKSYON H – PWOTEKSYON SANTE FANMI OU: Reponn kesyon yo pou nenpòt moun nan kay la ki bezwen pwoteksyon sante.

*Èske gen moun nan kay la ki antre nan pwoteksyon sante kounye a nan nenpòt sa ki endike anba la a? **WI** **NON** Si ou reponn wi, ekri non (yo) toupre pwoteksyon yo genyen an.

- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Medicaid: _____ | <input type="checkbox"/> Florida KidCare: _____ |
| <input type="checkbox"/> Medicare: _____ | <input type="checkbox"/> TRICARE: _____ |
| | (pa koche kaz la si ou gen swen sante dirèk oswa si ou nan Egzèsis Fonksyon ou) |
| <input type="checkbox"/> Pwogram sante VA: _____ | <input type="checkbox"/> Peace Corps: _____ |
| <input type="checkbox"/> Asirans nan travay: _____ | <input type="checkbox"/> Lòt: _____ |
| Non Asirans lan: _____ | Non asirans sante a: _____ |
| Non moun ki asire a: _____ | Non moun ki asire a: _____ |
| Nimewo kontra asirans lan: _____ | Nimewo kontra asirans lan: _____ |
| Èske se pwoteksyon nan COBRA? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON | Èske se yon plan ki gen avantaj limite (tankou kontra asirans pou aksidan)? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON |
| Èske se yon plan pou moun ki nan retrèt? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON | |

- *Èske nenpòt moun nan kay la te anile asirans sante avèk volonte li pou timoun yo nan dènye de (2) mwa yo pou nenpòt nan rezon sa yo?
- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Frè yon asirans sante pitit moun ki aplike pi plis pase 5% revni fanmi ou. | <input type="checkbox"/> Patwon ki bay pwoteksyon pou pitit moun ki aplike a te anile pwoteksyon asirans lan. |
| <input type="checkbox"/> Vyolans nan kay te lakòz li pèdi pwoteksyon asirans lan pou pitit moun ki aplike a. | <input type="checkbox"/> Pwoteksyon pitit moun ki aplike a te fini paske timoun nan te rive nan limit pwoteksyon asirans lan akòz laj li oswa nan yon limit avantaj anyèl. |
| <input type="checkbox"/> Paran an te pèdi yon djòb ki te bay pwoteksyon patwon an te kotize pou pitit yon moun ki aplike. | <input type="checkbox"/> Pitit yon moun ki aplike gen yon pwoblèm medikal ki ta lakòz andikap grav, pèt fonksyon, oswa lanmò, san swen medikal. |
| <input type="checkbox"/> Pwoteksyon asirans lan pa satisfè bezwen swen sante pitit moun ki aplike a. | <input type="checkbox"/> Paran pitit moun ki aplike a te anile pwoteksyon COBRA oswa pwoteksyon COBRA te rive nan limit lajan legal timoun nan. |
| <input type="checkbox"/> Paran ki te gen pwoteksyon sante pou pitit yon moun ki aplike te mouri. | <input type="checkbox"/> Yon paran ki p ap viv avèk timoun nan te sispann pwoteksyon pitit moun ki aplike a. |

OU KA KALIFYE POU TARIF TELEFÒN REDUI

Koche kaz WI si ou ta renmen DCF fè konpayi telefòn lokal la konnen Non ou, SSN ou, Nimewo Telefòn ou ak enfòmasyon ki endike ou resevwa kupon pou manje, Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan (Temporary Cash Assistance), oswa Medicaid pou ou ka resevwa yon tarif telefòn redui nan Pwogram Lifeline. WI NON

SEKSYON I – MANM FANMI AMERIKEN NATIFNATAL OSWA NATIFNATAL ALASKA: Ranpli seksyon sa a si oumenm oswa yon manm fanmi ou se Ameriken Natifnatal oswa Natifnatal Alaska.

Ameriken Natifnatal ak Natifnatal Alaska kapab resevwa sèvis nan Sèvis Sante Endyen (Indian Health Services), pwogram sante tribi, oswa pwogram sante endyen iben. Epitou yo ka pa gen pou peye kotizasyon frè epi yo ka resevwa peryòd enskripsyon espesyal chak mwa. Reponn kesyon ki anba la yo pou asire fanmi ou resevwa pifò èd posib la. S ou gen plis moun pou mete, fè yon kopi paj sa a epi tache li.

Non Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi	Manm yon tribi ki gen rekonesans federal	Èske moun sa a te janm resevwa yon sèvis nan Sèvis Sante Endyen (Indian Health Services), yon pwogram sante tribi, oswa pwogram sante endyen iben oswa avèk yon referans nan youn nan pwogram sa yo?	
	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Si ou reponn wi, bay non tribi a:	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Si ou reponn non, èske moun sa a kalifye pou resevwa sèvis nan youn nan pwogram sa yo? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Si ou reponn wi, bay non tribi a:	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Si ou reponn non, èske moun sa a kalifye pou resevwa sèvis nan youn nan pwogram sa yo? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Si ou reponn wi, bay non tribi a:	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Si ou reponn non, èske moun sa a kalifye pou resevwa sèvis nan youn nan pwogram sa yo? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON Si ou reponn wi, bay non tribi a:	<input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON	Si ou reponn non, èske moun sa a kalifye pou resevwa sèvis nan youn nan pwogram sa yo? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON

*Sèten lajan ou resevwa pa ka konte pou Medicaid oswa pou Children’s Health Insurance Program (CHIP). Endike nenpòt revni ou te rapòte sou aplikasyon ou ki gen lajan nan sous sa yo:

- Peman pou chak moun nan yon tribi ki sòti nan resous natirèl, dwa pou itilizasyon, afèmaj, oswa wayote? WI NON
 Si ou reponn wi, kimoun? Kantite Lajan: \$
- Peman nan resous natirèl, agrikilti, eksplwatasyon ranch, lapèch, afèmaj, oswa wayote nan teren Depatman Enteryè (Department of Interior) (tankou rezèv ak ansyen rezèv yo)? WI NON
 Si ou reponn wi, kimoun? Kantite Lajan: \$
- Lajan nan lavant byen ki gen enpòtans kiltirèl? WI NON
 Si ou reponn wi, kimoun? Kantite Lajan: \$

REPREZANTAN OTORIZE

Ou kapab bay pèmasyon pou yon moun ou fè konfyans pou pale sou aplikasyon sa a avèk nou, pou gade enfòmasyon ou yo, epi pou pran desizyon pou ou sou zafè ki konsène aplikasyon sa a, tankou pou jwenn enfòmasyon sou aplikasyon ou epi pou siyen aplikasyon ou sou non ou. Moun sa a rele yon “reprizantan otorize.” Si ou se yon reprizantan legal yo chwazi pou yon moun sou aplikasyon sa a, bay prèv la ansanm avèk aplikasyon an. Depi ou antre enfòmasyon yo sou paj 1, ou dakò pou moun sa a siyen aplikasyon ou, pou li jwenn enfòmasyon ki ofisyèl sou aplikasyon sa a, epitou pou li pran desizyon pou ou pou tout zafè k ap genyen pidevan avèk ajans sa a.

POU KONSEYE APLIKASYON, GID, AJAN AK KOUTYE KI SÈTIFYE SÈLMAN: Ranpli seksyon sa a si ou se yon konseye aplikasyon, gid, ajan oswa koutye sètifye ki ranpli aplikasyon sa a pou yon lòt moun.

Dat kòmansman (mwa/jou/ane): _____

Non: Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi: _____

Non ak nimewo ID Òganizasyon an (si genyen): _____

SIYATI APLIKASYON SA A: Depi ou siyen aplikasyon sa a ou konfime ak sètifye:

- *Pa gen okenn moun pou asirans sante sou aplikasyon sa a ki nan prizon.
- *Enfòmasyon ou bay sou aplikasyon sa a detèmine idantite timoun ki poko gen laj 16 zan.
- Ou li epi konprann dwa ak responsablite mwen genyen yo.
- *Ou bay ajans Medicaid dwa pou pouswiv ou epi pou resevwa nenpòt lajan nan lòt asirans sante, aranjman legal, ak lòt ajans endepandan. Ou bay ajans Medicaid dwa tou pou pouswiv ou epi pou resevwa sipò medikal la nan men yon madanm/mari oswa paran.
- *Ou konnen nou pral itilize enfòmasyon sa yo pou verifye si ou kalifye pou jwenn èd pou peye pou pwoteksyon asirans sante ou si ou chwazi pou aplike. N ap verifye repons ou yo avèk enfòmasyon ki nan baz done elektwonik nou ak baz done ki nan Internal Revenue Service (IRS), Sekirite Sosyal (Social Security), Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security), ak/oswa yon ajans rapòtaj kredi.

DEKLARASYON DEPATMAN TIMOUN AK FANMI FLORIDA (FLORIDA DEPARTMENT OF CHILDREN AND FAMILIES) KONT PRATIK DISKRIMINASYON

Yo pa dwe anpeche yon moun patisipe nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki resevwa bourad lajan gouvènman federal oswa ki jwenn avantaj lajan gouvènman federal epi ki anba kontwòl Depatman an, oswa yo pa dwe retire yon moun nan yon pwogram oswa yon aktivite konsa, oswa yon moun pa dwe viktim pratik diskriminasyon ilegal nan yon pwogram oswa yon aktivite konsa akòz koulè li, relijyon li, peyi kote li sòti, si moun nan se yon fanm oswa gason, laj li oswa andikap li. Pou pote yon plent pou vyolasyon règleman sa a, kontakte Office of Civil Rights (Biwo Dwa Sivil), Florida Department of Children and Families, Building 1, Room 101, Tallahassee, Florida 32399-0700, oswa rele nan nimewo 1-850-487-1901, oswa TDD 1-850-922-9220.

DEKLARASYON USDA-HHS KONT PRATIK DISKRIMINASYON

Enstitisyon sa a gen entèdiksyon pou pa pratike diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, peyi kote moun soti, andikap moun, laj moun, si yon moun se fanm oswa gason, epi nan kèk ka akòz relijyon oswa konviksyon politik. Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture) entèdi tou diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun soti, sèks, kwayans relijye, andikap, laj, konviksyon politik reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA alatèt oswa finanse. Moun andikape ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt-odyo, Langaj Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families), kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, moun ki mal pou tande oswa ki bèbè ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal nan nimewo (800) 877-8339. Answit, nou ka mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lang ki pa Anglè. Pou fè yon plent pou diskriminasyon konsènan pwogram nan, ranpli [Fòm Plent USDA pou Diskriminasyon](#), (AD-3027), ki sou entènèt sou sitwèb http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, epi nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt ki adrese ba USDA epitou bay nan lèt la tout enfòmasyon nou mande nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele nimewo (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa lèt la ba USDA anvan dat: (1) pa lapòs: U.S. Department of Agriculture, Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410; (2) faks: (202) 690-7442; or (3) imèl: program.intake@usda.gov. Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki konsène avèk pwoblèm nan Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), moun yo ta dwe swa kontakte nimewo Liy Dirèk USDA SNAP nan (800) 221-5689, ki nan lang Panyòl tou, oswa yo ta dwe rele [Nimewo Enfòmasyon Leta/Liy Dirèk](#) (klike sou lyen an pou jwenn yon lis nimewo liy dirèk selon eta a); ou ka jwenn yo sou sitwèb http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm. Pou fè yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram ki resevwa èd lajan gouvènman federal la nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini [U.S. Department of Health and Human Services (HHS)], voye yon lèt ba: HHS, Direktè, Biwo pou Dwa Sivil, Room 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa rele nimewo (202) 619-0403 (pou pale) oswa (800) 537-7697 (TTY). Enstitisyon sa a se yon founisè sèvis ki bay menm posiblite pou tout moun.

DWA AK RESPONSABLITE OU

OU GEN DWA POU:

- Aplike pou èd la epi pou nou pran desizyon sou kalifikasyon ou san nou pa konsidere ras ou, si ou se fanm oswa gason, laj ou, andikap ou, relijyon ou, peyi kote ou sòti (kote ou fèt), oswa konviksyon politik ou. Si ou gen yon andikap ki limite ou nan nenpòt fason, tanpri fè nou konnen sa pou nou kapab fè aranjman pou ede ou. Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF) se yon founisè sèvis ki ofri menm posiblite pou tout moun.
- Enstitisyon sa a gen entèdiksyon pou pa pratike diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, peyi kote moun soti, andikap moun, laj moun, si yon moun se fanm oswa gason, epi nan kèk ka akòz relijyon oswa konviksyon politik. Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture) entèdi tou diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun soti, sèks, kwayans relijye, andikap, laj, konviksyon politik reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA alatèt oswa finanse. Moun andikape ki bezwen lòt kalite mwayen kominikasyon pou enfòmasyon sou pwogram (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt-odyo, Langaj Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Depatman Timoun ak Fanmi, kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki difisil pou tande, oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal nan nimewo (800) 877-8339. Answit, nou ka mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lang ki pa anglè. Pou fè yon plent pou diskriminasyon konsènan pwogram nan, ranpli [Fòm Plent USDA pou Diskriminasyon](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html), (AD-3027), ki sou entènèt sou sitwèb: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, epi nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt ki adrese ba USDA epitou bay nan lèt la tout enfòmasyon nou mande nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele nimewo (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa lèt la ba USDA anvan dat: (1) pa lapòs: U.S. Department of Agriculture, Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410, (2) faks: (202) 690-7442; oswa (3) imèl: program.intake@usda.gov. Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki konsène avèk pwoblèm nan Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), moun yo ta dwe swa kontakte nimewo Lij Dirèk USDA SNAP nan (800) 221-5689, ki nan lang Panyòl tou, oswa yo ta dwe rele [Nimewo Enfòmasyon Leta/Lij Dirèk](http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm) (klike sou lyen an pou jwenn yon lis nimewo liy dirèk selon eta a); ou ka jwenn yo sou sitwèb: http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm. Pou fè yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram ki resevwa èd lajan gouvènman federal la nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini [U.S. Department of Health and Human Services (HHS)], voye yon lèt ba: HHS Director, Office for Civil Rights, Room 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa rele nimewo (202) 619-0403 (pou pale) oswa (800) 537-7697 (TTY). Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki bay opòtinite egale pou tout moun.
- Aplike pou èd la sou entènèt nan aplikasyon sou sitwèb. Oswa, ou kapab remèt yon aplikasyon sou papye nan yon sant sèvis zòn ou, oswa ba yon asosye kominote, oswa ou kapab voye li pa lapòs, oswa faks li. Ou kapab remèt yon aplikasyon ou pa fin ranpli (swa sou sitwèb la oswa sou papye), depi li gen non ak adrès ou sou li, epitou depi li gen siyati ou oswa siyati yon lòt manm responsab ki lakay, oswa siyati yon moun k ap pran desizyon pou ou kòm reprezantan ki otorize oswa deziyen.
- Fè entèvyou oswa resevwa avi sou kalifikasyon ou nan 30 jou ki vini apre lè ou te remèt yon aplikasyon ki siyen (90 jou pou Medicaid si nou konsidere andikap ou lè n ap pran desizyon sou kalifikasyon ou).
- Fè anplwaye DCF, oswa yon lòt moun ede ou ranpli fòm yo. Fè nou konnen si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon nou bezwen yo.
- Resevwa, oswa fè yon moun resevwa pou ou, avantaj ou kalifye pou resevwa yo, epitou resevwa notifikasyon rapid sou nenpòt desizyon nou pran sou aplikasyon ou oswa sou nenpòt chanjman nou fè nan avantaj ou yo.
- Fè ou konnen lòt pwogram nou genyen ki ta ka ede ou oswa fanmi ou.
- Ou gen dwa tou pou mande pou gen yon odyans devan yon ofisye odyans eta a. Nan odyans lan, ou kapab vini avèk yon moun oswa ou kapab fè yon moun reprezante ou, tankou yon avoka, yon manm fanmi, yon zanmi oswa nenpòt lòt moun. Si ou vle pou gen yon odyans, ou dwe mande pou odyans lan alekri, depi ou rele Sant Apèl Kliyan an, oswa depi ou vini nan biwo a nan 90 jou ki vini apre dat ou resevwa avi ou sou dosye ou. Si ou mande pou gen yon odyans nan fen dènye jou mwa a anvan dat aksyon negatif la anvigè, avantaj ou yo ka kontinye nan nivo anvan an jouk lè yo pran yon desizyon sou odyans lan. W ap responsab pou ranbouse nenpòt avantaj ou te kontinye ap resevwa, si desizyon yo pran nan odyans lan pa anfavè ou. Si ou bezwen enfòmasyon sou fason pou resevwa konsèy legal gratis, ou kapab rele Sant Apèl Kliyan ACCESS Florida gratis nan nimewo 1-866-762-2237 pou jwenn yon lis ajans legal gratis nan zòn ou.
- Fè enfòmasyon nou resevwa sou ou oswa sou moun k ap viv lakay ou pwoteje jan lwa federal ak lwa leta egzijè sa.
- Deziyen paran adilt timoun yo oswa yon moun k ap jwe wòl paran kòm benefisyè (moun k ap resevwa avantaj asistans manje ou). Si pa gen timoun nan gwoup asistans ou, lè sa a benefisyè a dwe se pou ki touche plis lajan an.

OU GEN RESPONSABLITE POU:

(**NÒT:** Ou gen menm responsablite yo si ou aplike sou non yon lòt moun.)

- Ban nou prèy ki pa manke anyen epi ki kòrèk pou enfòmasyon nou mande ou yo, nan limit tan nou ba ou a, pou detèmine si ou kalifye pou èd la.
- Itilize avantaj Èd Lajan Kach pou yon ti tan nan pi bon avantaj timoun ki nan gwoup èd ou. Lwa eta Florida fè konnen si yon moun itilize lajan li resevwa pou sipò yon timoun oswa pou sipò plizyè timoun pou yon lòt rezon, moun sa a ka peye amann, li ka ale nan prizon, oswa li ka alafwa peye amann epi ale nan prizon.
- Deklare si moun ki lakay ou ki aplike pou èd la se sitwayen ameriken oswa si yo pa sitwayen ameriken, depi ou siyen aplikasyon an pou asistans lan. Ou dwe bay prèy kondisyon non-sitwayèn ki sòti nan Sèvis Sitwayèn ak Imigrasyon Etazini (USCIS) pou tout moun ki pa sitwayen ameriken ou mande èd pou yo a. Nou ka mande USCIS pou konfime enfòmasyon sa yo. Enfòmasyon USCIS ban nou yo ka afekte kalifikasyon ou ak kantite avantaj ou yo. Prèy kondisyon nan USCIS pa obligatwa pou moun ou pa mande èd pou yo.
- Aplike pou avantaj yo nan lòt sous si aplikasyon sa a, oswa si enfòmasyon nou resevwa yo, montre ou ta ka kalifye pou avantaj sa yo. (Sa pa aplike pou Pwogram Asistans Manje.)
- Afekte dwa sipò timoun nan eta a, epi kolabore avèk Egzekisyon Sipò Timoun (CSE) lè y ap detèmine patènite, ak lè y ap jwenn sipò nan men yon paran absan timoun ki sou responsablite ou, sof si ou kapab montre CSE rezon valab pou pa fè sa. (Pou Pwogram Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan, ou dwe afekte dwa ou ba eta a. Afektasyon dwa ba eta a pa aplike pou Pwogram Asistans Manje.)

- Rapòte nenpòt plan asirans oswa lòt plan sante ki ka peye frè medikal yo pou ou oswa pou yon moun k ap viv lakay ou lè ou mande èd pou li. Ou dwe afekte dwa ou ba eta a tou pou nenpòt peman w ap resevwa nan asirans oswa nan lòt plan sante, sof si ou kapab montre nou yon rezon kui valab pou pa fè sa. (Sa aplike pou nenpòt moun ki aplike pou èd oswa k ap resevwa èd nan Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan, nan Pwogram Asistans pou Refijye, oswa nan Pwogram Medicaid.)
- Patisipe nan aktivite travay pwogram Asistans Manje, pwogram Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan, pwogram Travay ak fòmasyon nan Èd pou Refijye. Sa gen ladan anrejistreman non ou pou travay, sof si nou te fè ou konnen ou pa gen pou fè sa.
- Rapòte ban nou, nan 5 jou ouvrab, si yon timoun ki nan fanmi ou pral kite kay la pou 30 jou oswa plis. (Sa aplike pou Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan sèlman). Rapòte ban nou, nenpòt chanjman nan sityasyon ou dapre egzjans pwogram nan.
- Si fanmi ou ap resevwa èd manje sèlman, ou dwe rapòte lè revni fanmi ou pa mwa anvan taks depase 130% limit revni anvan taks pou kantite moun ki nan fanmi ou anvan 10yèm jou mwa a apre mwa chanjman an. Si fanmi ou ap resevwa Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan ak/oswa Medicaid (avèk oswa san èd manje), ou dwe rapòte chanjman yo nan 10 jou, ansanm ak nenpòt chanjman nan lavi fanmi ou ak/oswa nan adrès postal la. Rapòte nenpòt chanjman nan adrès imèl fanmi ou pou objektif kontak.
- Pou èd manje, yon adilt kosto ki pa gen depandan se laj 18 jiska 49 ane; ki anfòm sou plan fizik ak mantal pou travay; ki p ap viv epi ki pa manje avèk yon timoun ki poko gen 18 tan; ki pa ansent; epi ki pa egzante nan kondisyon travay nan pwogram jeneral travay pou jwenn èd manje. Adilt Kosto San Depandan yo dwe rapòte lè kantite èdtan travay yo tonbe anba 20 èdtan pa semèn pou yon mwayèn 80 èdtan pa mwa.
- Asire pitit ou ki gen laj pou lekòl (laj 6 ane rive nan laj 17 ane) ale lekòl. Si yo idantifye yon timoun kòm timoun ki fè lekòl bwisonyè oswa kòm timoun ki abandone lekòl, nou ka retire timoun sa a nan Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan, epi nou ka diminye asistans lajan kach ou, sof si ou kapab montre timoun nan gen yon rezon valab pou li pa ale lekòl. (Sa aplike pou Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan sèlman.)
- Fè yon reyinyon avèk yon responsab lekòl pou chak timoun ki gen laj pou lekòl (laj 6 ane jiska laj 17 ane) pandan chak semès pou pale osijè pwogrè timoun nan fè nan travay lekòl oswa osijè pwoblèm li nan lekòl la. Si ou pa fè reyinyon sa a, nou ka retire ou nan Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan, epitou nou ka diminye asistans lajan kach ou, sof si ou kapab montre ou gen yon rezon valab pou pa fè reyinyon an. (Sa aplike pou Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan sèlman.)
- Fè timoun ki gen laj pou lekòl pre-matènèl (laj 0 ane jiska laj 4 ane) pran dènnye vaksen yo. (Sa aplike pou Pwogram Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan sèlman.)
- Kolabore avèk ofisyèl eta a ak ofisyèl federal lè y ap revize dosye ou, epitou reponn kesyon yo si ou kapab.
- Ranbouse Depatman Timoun ak Fanmi pou nenpòt avantaj ou pa kalifye pou resevwa. Nou kapab retire kantite lajan ou dwe a nan peman avantaj asistans lajan kach ou pa mwa, oswa nan avantaj asistans manje ou jouk lè ou fin ranbouse tout kantite lajan an. Si gen yon peman Medicaid anplis ki fèt, se oumenm k ap gen pou ranbouse kantite lajan an.
- Ban nou Nimewo Sekirite Sosyal (SSN), oswa aplike pou yon SSN, pou tout moun lakay ou lè ou mande èd pou yo. Sa aplike pou pwogram Èd Manje, pwogram Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan ak pwogram Medicaid. Ou pa gen pou aplike pou yon SSN oswa pou bay youn pou nenpòt moun lakay ou lè ou pa mande èd pou yo. Men, ou ka gen pou ban nou enfòmasyon sou revni ak byen sou moun yo pou nou detèmine kalifikasyon moun k ap viv lakay ou lè ou mande èd pou yo.

DEPATMAN TIMOUN AK FANMI GEN DWA POU:

- Kontakte nenpòt moun ki nesèsè pou deside si ou kalifye pou èd la, oswa nou ka kontakte nenpòt lòt moun ou aplike pou li oswa w ap resevwa èd pou li.
- Itilize konparezon nan òdinatè avèk lòt ajans pou konfime kantite revni ak byen ki disponib pou ou ak pou moun ou aplike pou èd pou yo, oswa pou moun w ap resevwa èd pou yo. Kantite lajan avantaj ou ka chanje selon enfòmasyon sa yo.
- Aplike nan yon limit 48 mwa sou kantite mwa fanmi yo kapab resevwa avantaj Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan. Limit sa a aplike sou fanmi ki gen omwen yon adilt ki kalifye, sof si adilt la kalifye pou eksepsyon oswa si Konsèy Administrasyon Mendèv Rejyonal la akòde li yon pwolongasyon nan asistans pou pwoblèm ekonomik.

AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE (AGENCY FOR HEALTH CARE ADMINISTRATION, AHCA) GEN DWA POU:

- Divilge enfòmasyon sou avantaj medikal ak enfòmasyon sou avantaj Medicaid ba konpayi asirans oswa ba lòt konpayi plan sante ki fè peman medikal pou yo kapab voye bòdwo pou sèvis swen sante moun ki nan gwoup asistans Medicaid ou yo resevwa. (Sa pa aplike pou Pwogram Asistans Manje oswa pou Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan.)
- Resevwa peman pou depans medikal nan sous ki diferan avèk Medicaid, tankou konpayi asirans oswa lòt konpayi plan sante. (Sa pa aplike pou Pwogram Asistans Manje oswa pou Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan.)
- Rasanble ak revize kopi enfòmasyon medikal ak enfòmasyon finansye sou depans Medicaid peye pou swen sante.
- Resevwa ranbousman pou peman Medicaid fè pou yon moun k ap resevwa lajan nan yon jijman, yon rekonpans, yon aranjman, yon asirans oswa kèk lòt sous ki gen responsablite legal. Moun nan, avoka moun nan oswa konpayi asirans moun nan dwe fè AHCA konnen tout peman posib yo nan nenpòt nan sous yo.
- Fè yon reklamasyon kont byen yon moun ki mouri epi ki t ap resevwa Medicaid pou ranbousman dèt Medicaid. Si yon moun ki gen laj 55 ane oswa plis ap resevwa avantaj Medicaid, sa kreye yon dèt nan AHCA pou kantite lajan peman Medicaid fè anvan moun nan mouri. Moun ki reprezante byen yo dwe fè Inite Rekouvreman Byen AHCA konnen lè pwosesis la kòmanse pou tribinal bay otorizasyon pou testaman an. (Sa pa aplike pou Pwogram Epay Medicare.)

ENFÒMASYON SOU LWA FLORIDA KONT FWOD

Si yon moun (ansanm ak reprezantan ki deziyen oswa ki gen otorizasyon) konnen li pa di laverite, si li kache enfòmasyon yo, si li fè tankou li se yon lòt moun, si li pa gen tout enfòmasyon ki nesèsè sou li, moun (yo) moun sa a aplike pou li (yo) a, oswa lòt moun ki nan kay moun sa a, oswa si moun nan fè nenpòt lòt bagay ki ilegal yon fason pou li ka jwenn avantaj piblik eta oswa avantaj piblik federal, moun sa a koupab pou yon krim, epi l ap jwenn pinisyon jan lwa eta oswa lwa federal otorize sa. Answit, si yon moun (ansanm ak reprezantan ki deziyen/ki gen otorizasyon) fè espere pou pa rapòte yon chanjman nan sikonstans yo yon fason pou li ka kontinye resevwa èd oswa avantaj li pa ta dwe resevwa, oswa yon fason pou li ka resevwa plis avantaj pase sa li ta dwe jwenn, moun sa a koupab pou yon krim, epi l ap jwenn pinisyon jan lwa eta oswa lwa federal otorize sa. Si yon moun fè espere pou ede yon lòt moun fè nenpòt nan zak ki endike anwo a, moun sa a koupab pou yon krim, epi l ap jwenn pinisyon jan lwa federal oswa lwa eta otorize sa. W ap jwenn enfòmasyon yo nan Seksyon 414.39, Lwa Jeneral Eta Florida. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou lwa sa a nan biwo asistans piblik zòn ou, oswa sou Entènèt.



Depatman Timoun ak Fanmi Florida

NOTICE OF PRIVACY PRACTICES

Office of Civil Rights
HIPAA Privacy Officer

1317 Winewood Blvd., Bldg, 1, Room 110
Tallahassee, FL 32399-0700

Telefòn: (850) 487-1901 FAKS: (850) 921-8470

Sitwèb: www.myfloridafamilies.com/hipaa

Enfòmasyon Ou.

Avi sa a dekri fason nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou yo, ak fason ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo. Avi sa a Aplike pou Depatman Timoun ak Fanmi, Asosye Biznis yo, ak Soutretan yo

Dwa Ou.

Responsablite Ou.

-TANPRI LI AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON-

Dwa Ou

Ou gen dwa pou:

- Resevwa yon kopi dosye ou sou papye oswa sou fòm elektwonik
- Korije dosye medikal ou sou papye oswa sou fòm elektwonik
- Mande kominikasyon konfidansyèl
- Mande nou pou limite enfòmasyon n ap divilge yo
- Chwazi yon moun ki pou deside pou ou
- Resevwa avi konsènan vyolasyon yo
- Jwenn yon lis moun nou te divilge enfòmasyon ou yo ba yo
- Jwenn yon kopi Avi sa a sou Konfidansyalite Enfòmasyon yo
- Fè yon plent si ou kwè nou te vyole Dwa ou pou Konfidansyalite Enfòmasyon

➡ Gade paj 2 ak 3 pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa sa yo ak sou fason pou egzèse yo.

Chwa Ou yo

Ou gen kèk chwa nan fason nou itilize ak divilge enfòmasyon ou yo lè nou:

- Fè fanmi ou ak zanmi ou konnen eta sante ou
- Ba ou soulajman pou katastwòf
- Mete ou nan yon anyè (si genyen)
- Ba ou swen sante mantal
- Mete sèvis nou nan maketing epi vann enfòmasyon ou
- Fè aktivite ranmasaj lajan

➡ Gade paj 3 pou jwenn plis enfòmasyon sou chwa sa yo ak sou fason pou egzèse yo.

Itilizasyon ak Divilgasyon nou yo

Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon ou yo lè nou:

- Trete ou
- Dirije òganizasyon nou
- Bay bòdwo pou sèvis yo
- Travay avèk Asosye Biznis ak soutretan nou yo ki sou kontra
- Bay èd avpou pwoblèm sou sante piblik ak/oswa sekirite piblik
- Fè rechèch
- Respekte lalwa
- Reponn demann donn ògàn ak tisi
- Reponn pwosè ak aksyon legal yo
- Travay avèk yon doktè lejis oswa yon direktè ponp finèb
- Satisfè demann konpansasyon travayè, demann ajans sipèvizyon sante, demann lapolis ak lòt demann gouvènman
- Ajans gouvènman ki bay avantaj oswa sèvis

➡ Gade paj 4 ak 5 pou jwenn plis enfòmasyon sou chwa sa yo ak sou fason pou egzèse yo.

KISA ENFÒMASYON PWOTEJE SOU SANTE [PROTECTED HEALTH INFORMATION (PHI)] YE?

Enfòmasyon Pwoteje sou Sante [Protected Health Information (PHI)] se enfòmasyon ki ta pèmèt yon moun li oswa tande li pou idantifye ou apa, ki rele “enfòmasyon sou sante ki kapab idantifye yon moun apa”, ki gen pou wè ak:

- eta sante fizik oswa sante mantal oswa pwoblèm medikal pase, prezan oswa fiti ou;
- swen sante yo ba ou;
- peman pase, prezan, oswa fiti pou swen sante oswa sèvis swen sante yo ba ou; oswa
- enfòmasyon jenetik ou.

Dwa Ou

Lè li konsène enfòmasyon sou sante ou, ou gen sèten dwa.

Jwenn yon kopi dosye medikal ou sou fòm elektwonik oswa sou papye

- Oumenm, oswa reprezantan ou, kapab mande pou wè oswa pou jwenn yon kopi dosye medikal ou sou fòm elektwonik oswa sou papye ak lòt enfòmasyon nou genyen sou ou. Ou dwe fè demann ou alekri pou voye nan biwo pwogram nan oswa ba founisè sèvis ki konsève dosye ou yo.
- N ap bay yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou sante ou, anjeneral nan 30 jou apre demann ou. Nou ka mande ou pou peye yon kantite lajan rezonab ki baze sou frè.
- Nou pa gen obligasyon pou kite ou wè oswa kopye nòt sikoterapi, enfòmasyon nou prepare pou itilize nan aksyon oswa pwosedi legal yo, oswa kote lalwa entèdi aksè a.

Mande nou pou korije dosye medikal ou

- Ou kapab mande nou pou korije enfòmasyon sou ou lè ou panse yo pa kòrèk oswa lè ou panse yo pa konplè. Ou dwe fè demann ou alekri ba biwo pwogram nan oswa ba founisè sèvis ki konsève dosye ou yo.
- Nou ka di “non” pou demann ou, men n ap fè ou konnen pou kisa nan 60 jou.

Demann kominikasyon konfidansyèl

- Ou kapab mande nou pou kontakte ou nan yon sèten fason (pa egzanp, si ou se yon pasyan ki pa entène, ou kapab mande pou nou kontakte ou nan espas travay ou oswa pa lapòs) oswa pou nou voye lèt ba ou pa lapòs nan yon adrès diferan. Ou dwe fè demann ou alekri ba biwo pwogram nan oswa ba founisè sèvis ki konsève dosye ou yo.
- Nou ka di “non” pou demann ou, men n ap fè ou konnen pou kisa nan 60 jou.

Mande nou pou limite sa nou itilize oswa divilge

- Ou kapab mande nou pou pa itilize oswa divilge sèten enfòmasyon sou sante ou. Nou pa gen obligasyon pou dakò avèk demann ou, epi nou ka di “non” si sa ta afekte swen sante ou.
- Ou kapab mande nou pou pa divilge sèten enfòmasyon sou sante ou ba manm fanmi ou. Nou pa gen obligasyon pou dakò avèk demann ou, epi nou ka di “non” si sa ta afekte swen sante ou.
- Ou dwe fè demann ou alekri ba biwo pwogram nan oswa ba founisè sèvis ki konsève dosye ou yo.

Chwazi yon moun ki pou deside pou ou

- Si ou te bay yon moun dwa pwokirasyon medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a kapab egzèsè dwa ou epi fè chwa konsènan enfòmasyon sou sante ou. Ou dwe fè demann ou alekri ba biwo pwogram nan oswa ba founisè sèvis ki konsève dosye ou yo.
- N ap asire moun sa a gen otorizasyon epi li kapab deside pou ou anvan nou fè nenpòt aksyon.

Resevwa avi sou vyolasyon yo

- W ap resevwa avi si gen yon vyolasyon nan enfòmasyon pwoteje sou sante ou (PIH) ki pa pwoteje.

Jwenn yon lis moun nou divilge enfòmasyon ou yo ba yo

- Ou kapab mande yon lis (Kontrandi Divilgasyon Enfòmasyon yo) kantite dwa nou te divilge enfòmasyon sou sante ou pandan sizan anvan dat ou fè demann lan, ba kimoun nou te divilge enfòmasyon yo, epi pou kisa. (Remak: lis la p ap gen ladan okenn itilizasyon oswa divilgasyon nou te anvan 14 avril 2003.) Ou dwe fè demann ou alekri ba biwo pwogram nan oswa ba founisè sèvis ki konsève dosye ou yo.
- N ap mete tout divilgasyon yo, sof pou sa ki konsène tretman, peman, ak operasyon swen sante, ak sèten lòt divilgasyon (tankou nenpòt sa ou te mande nou pou fè). N ap bay yon Kontrandi sou Divilgasyon yo yon ane pou gratis men nou ka mande ou pou peye yon kantite lajan rezonab ki baze sou frè si ou mande yon lòt anvan yon peryòd douz (12) mwa.

Jwenn yon kopi Avi sa a sou Konfidansaylite Enfòmasyon yo

- Ou kapab mande yon kopi Avi sa a sou papye nenpòt kilè, menmsi si ou te dakò pou resewva Avi a sou fòm elektwonik. Tanpri kontakte biwo, sant medikal oswa pwogram kote ou resewva sèvis yo epi n ap ba ou yon kopi sou papye san pèdi tan.
- Ou ka wè ak telechaje yon kopi Avi sa a nan:
<http://www.myfloridafamilies.com/hipaa>.

Fè yon plent si ou panse nou vyole dwa ou

- Ou kapab fè plent si ou panse nou vyole dwa ou. Pou fè sa, ou dwe voye yon lèt ba Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families), Office of Civil Rights, HIPAA Privacy Officer, 1317 Winewood Boulevard, Building 1, Room 110, Tallahassee, Florida 32399-0700, calling 850-487-1901, oswa ou kapab voye yon faks nan nimewo 850-921-8470.
- Ou kapab fè yon plent ba Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U. S. Department of Health and Human Services). Pou fè sa, ou kapab voye yon lèt nan adrès 200 Independence Avenue, S. W., Washington, D. C. 20201, calling 1-877-696-6775, oswa ou kapab ale sou sitwèb www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- Nou p ap fè vanjans kont ou poutèt ou fè yon plent.



Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou kapab fè nou konnen chwa ou yo sou sa n ap divilge yo.

Si ou gen yon preferans akèl pou fason nou divilge enfòmasyon ou nan sityasyon ki dekri anba la a, pale avèk nou. Di nou sa ou vle pou nou fè a, epi n ap swiv enstriksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou mande nou pou:

- Divilge enfòmasyon yo ba fanmi ou, zanmi pwòch ou yo, oswa lòt moun ki patisipe nan swen sante ou.
- Divilge enfòmasyon yo nan sityasyon sekou pou katastwòf.

Si ou pa kapab di nou sa ou pito, pa egzanp, si ou pèdi konesans, nou ka pran desizyon pou divilge enfòmasyon ou yo si nou kwè li nan pi bon enterè ou.

Nou ka divilge enfòmasyon ou yo lè li nesèsè pou diminye yon menas grav ki pral rive pou sante ak sekirite ou.

Nan ka sa yo, nou p ap janm divilge enfòmasyon ou yo sof si ou ban pèmisyon alekri:

- Rezon maketing.
- Lavant enfòmasyon ou yo.
- Pifò divilgasyon nòt sikoterapi yo.

Nan ka aktivite ranmasaj lajan:

- Nou ka kontakte ou pou efè ranmasaj lajan, men ou kapab mande nou pou nou pa kontakte ou ankò.
-

**Itilizasyon
ak
Divilgasyon
nou yo**

Kijan nou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou anjeneral?

Anjeneral, nou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou nan fason ki endike anba la yo.

Tanpri sonje se pa tout kalite itilizasyon ak divilgasyon nou kapab dekri oswa endike nan Avi sa a.

Trete ou

- Nou kapab itilize enfòmasyon sou sante ou epi divilge yo ba lòt pwofesyonèl swen sante k ap trete ou epi k ap kowòdone sèvis ou ka bezwen yo.

Egzanp: Yon doktè k ap fè yon evalyasyon klinik ka pale avèk yon lòt doktè sou eta sante jeneral ou.

Dirije òganizasyon nou

- Nou kapab itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou pou dirije òganizasyon nou, pou amelyore swen sante ou, epi pou kontakte ou lè li nesèsè.

Egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante sou ou pou kontwole tretman ak sèvis ou.

Bòdwo pou sèvis ou yo

- Nou kapab itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou pou voye bòdwo epi pou nou resevwa peman nan plan sante yo ak nan lòt enstitisyon.

Egzanp: Nou bay enfòmasyon sou ou pou plan asirans sante pou li kapab peye pou sèvis ou yo.

Travay avèk Asosye Biznis ki Gen Kontra ak Soutretan yo

- Depatman an gen kontra avèk moun, lòt ajans, ak biznis pou fè kèk nan sèvis yo responsab pou bay. Egzanp yo ta gen ladan ajans swen sante ki baze nan kominote, ajans jesyon dosye, sant tretman sante mantal, ak vandè teknoloji.

Ki lò fason nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou? Nou gen pèmision oswa obligasyon pou divilge enfòmasyon ou yo nan pwosesis ankèt ou, pou nou detèmine si ou kalifye, pou nou ba ou swen sante, sèvis oswa lòt avantaj, epi nan lòt fason — anjeneral nan fason ki kapab kontribiye nan byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou dwe satisfè anpil kondisyon nan lalwa anvan nou kapab divilge enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade sitwèb:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers.index.html

Èd avèk pwoblèm sante ak sekirite piblik

- Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ou pou sèten sityasyon tankou:
 - Prevansyon maladi
 - Èd avèk rapèl pwodui
 - Rapòtaj reyaksyon negatif nan medikaman
 - Rapòtaj abi, neglijan nou sispèk oswa vyolans nan kay
 - Prevansyon oswa rediksyon yon menas grav nan sante oswa sekirite nenpòt moun

Fè rechèch

- Nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo pou reschèch sou sante.

Respekte lalwa

- N ap divilge enfòmasyon yo sou ou si lwa leta oswa lwa federal egzije sa, tankou ba Depatman Sante ak Sèvis Sosyal si yo vle verifye si nou respekte lwa federal sou konfidansyalite enfòmasyon.

Reponn pou demann don ògàn ak tisi

- Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ou ba òganizasyon ki pwokire ògàn yo.

Reponn pou pwosè ak aksyon legal actions

Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ou pou reponn yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif, oswa pou reponn yon asiyasyon pou prezante nan tribinal.

Travey avèk yon doktè lejis, oswa yon direktè ponp finèb

- Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon doktè lejis, yon doktè egzaminatè, oswa yon direktè ponp finèb lè yon moun mouri.

**Rezoud demann
konpansasyon
travayè, demann
lapolis ak lòt
demann
gouvènman**

Nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou:

- Pou reklamasyon konpansasyon travayè
- Pou objektif lapolis, ba yon ofisyèl lapolis, oswa ba enstitisyon koreksyonèl
- Ba ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize
- Pou fonksyon espesyal gouvènman tankou fòs lame, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidan

**Ajans gouvènman
ki bay avantaj oswa
sèvis**

Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ou ba lòt ajans gouvènman oswa pwogram ki ba ou sèvis oswa avantaj sanblab si divilgasyon an nesèsè pou kwòdone livrezon sèvis yo oswa avantaj yo, oswa amelyore konpetans ou pou administre oswa jere pwogram nan.

Responsablite Nou yo

- Nou gen obligasyon dapre lalwa pou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pwoteje sou sante (PHI) ou.
- N ap fè ou konnen touswit si gen yon vyolasyon ki te ka menase konfidansyalite oswa sekirite PHI ou.
- Nou dwe swiv responsablite ak pratik konfidansyalite ki dekri nan Avi sa a epi nou dwe ba ou yon kopi sou sa.
- Nou p ap ni itilize ni divilge enfòmasyon ou ki pa dekri la a sof si ou di nou kapab fè sa alekri. Si ou di nou kapab fè, ou ka chanje lide ou nenpòt kilè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html

Chanjman Kondisyon ki nan Avi sa a

Nou kapab chanje kondisyon ki nan Avi sa a, epi chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou.

Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan biwo nou, ak sou sitwèb nou nan: www.myfloridafamilies.com/hipaa.

Anvigè apati: 22 Septanm 2013

Avi Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon an aplike pou òganizasyon ki endike anba la yo:

Depatman Timoun ak Fanmi Florida, Asosye Biznis yo ak Soutretan yo.

Si ou panse nou te vyole dwa konfidansyalite enfòmasyon ou, oswa si ou pa dakò avèk yon desizyon nou te pran sou enfòmasyon pwoteje sou sante (PHI) ou, ou ka fè yon plent ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U. S. Department of Health and Human Services) ak/oswa ba Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families) depi ou kontakte ajans ki nan adrès ki endike anba la yo. Nou p ap fè okenn aksyon vanjans kont ou poutèt ou fè yon plent.

The Department of Children and Families
Office of Civil Rights
HIPAA Privacy Officer
1317 Winewood Blvd., Bldg. 1, Room 110
Tallahassee, FL 32399-0700
Telefòn: (850) 487-1901
FAKS: (850) 921-8470
Website: www.myfloridafamilies.com/hipaa

U. S. Department of Health and Human Services
Sam Nunn Atlanta Federal Center, Suite 16T70
61 Forsyth Street, S. W.
Atlanta, GA 30303-8909
Telefòn pou Rele: (404) 562-7453
FAKS: (404) 562-7881
TDD: (404) 562-7884